



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MANM YO NAN KONSÈY KONSILTATIF POU REPANSE EDIKASYON AN

*Gen ladan lidè edikasyon nan tout eta a ki chwazi pou ede lekòl ak inivèsite yo prepare pou adopte inovasyon teknolojik ak lòt inovasyon pou re-ouvri san danje*

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse manm yo nan Konsèy Konsiltatif pou Repanse Edikasyon an nan New York—gen ladan pwofesè, elèv, paran ak lidè edikatif yo—pou ede distri yo repanse lekòl yo pandan y ap prepare pou re-ouvri epi pandan y ap pwoteje sante ak sekirite, fason aprantisaj vityèl ka konble mank lan epi ajoute edikasyon fas a fas lè lekòl yo re-ouvri. Konsèy la - ki gen Prezidan SUNY Empire State College, Jim Malatras, k ap prezide li - ap gen ladan lidè edikasyon enferyè epi siperyè nan tout eta a. Lis manm yo disponib pi ba a:

- Kaweeda Adams, Sipè-entandan, Distrik Eskolè Vil Albany
- Jaime Alicea, Sipè-entandan, Distrik Eskolè Vil Syracuse
- Jody Arnhold, Fondatè, Dance Educator Laboratory
- Melodie Baker, Direktè Edikasyon, United Way of Buffalo & Erie County
- Kyle Belokopitsky, Direktris Egzekitif, PTA Eta New York
- Meg Benke, Rektè, SUNY Empire State College
- Jackie Burbridge, paran, Konte Suffolk
- Katie Campos, Patnè, Strategic Collective
- Anthony Collins, Prezidan, Clarkson University
- Stephanie Conklin, Pwofesè Espesyalis, Distrik Eskolè South Colonie Central
- George Dermody, Direktè Egzekitif Jeneral, The Children Home of Wyoming Conference
- Karol Mason, Prezidan, Inivèsite Jistis Kriminèl John Jay
- Austin Ostro, Prezidan, Asanble Etidyan SUNY
- Martin Palermo, Pwofesè Espesyalis, Distrik Eskolè William Floyd
- Roger Ramsammy, Prezidan, Hudson Valley Community College
- Seema Rivera, Prezidan, Konsèy Lekòl Guilderland Central School District
- Shannon Tahoe, Komisè Pwovizwa, Depatman Edikasyon Eta New York
- Dennis Walcott, Ansyen Rektè, Depatman Edikasyon Eta New York
- Randi Weingarten, Prezidan, Federasyon Pwofesè Ameriken

"Lè nou te fèmen etablisman lekòl yo akòz viris COVID-19 la, pwofesè ak elèv nou yo te byen sezi okazyon an, epi nou dwe yo yon dèt gratitid pou travay ewoyik yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tankou tout lòt bagay, lè nou re-ouvri lekòl yo, se pa sèlman re-

ouvri yo jan yo te ye anvan men se tounen konstwi pi byen ke jan se te ye anvan. Ekspètiz ak eksperyans kolektif nouvo konsèy konsiltatif sa a pral ede reponn kesyon kle yo sou fason nou ka ranfòse tout sistèm edikasyon New York la pou plizyè deseni alavni."

Konsèy la pral travay nan kolaborasyon ak lòt ekspè ak pati konsène ki gen ladan eta a ak Fondasyon Bill & Melinda Gates pou reponn kesyon kle yo sou sa edikasyon ta dwe sanble alavni nan itilize nouvo teknoloji ak pou devlope yon plan pou repanse edikasyon nan nouvo nòm al la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)